

KANDIDA POU TRANSPLANTASYON

ENDIKASYON/KRITÈ ENKLIZYON:

- ☐ Maladi Ren Kwonik ak pwogresyon espere nan ESRD oswa eGFR mwens oswa egal a 20 ml/min
- ☐ Kapab fè woutin apre transplantasyon yo, pran medikaman, randevou; poukont li oswa avèk sipò
- ☐ Vle yon transplantasyon ren

KONTRENDIKASYON ABSOLI (YO):

☐ Kansè Metastatik Aktif (esperans lavi < 3 ane) ☐ Enfeksyon aktyèl/ki retounen ☐ Kondisyon grav ki pa gen anpil chans amelyore ak transplantasyon: ☐ Maladi atè kowonè grav/enkorijib ☐ Kadyomiyopati (Fraksyon Ejeksyon <30%) ☐ Maladi poumon grav/enkorijib, anfizèm oswa ipètansyon nan poumon (>50mmHg) ☐ Maladi serebwovaskilè ☐ Siwoz grav dekonpanse ☐ Ipotansyon ki mande pou itilize midodrin (midodrine) chak jou ☐ Depandan sou oksijèn lakay chak jou ☐ Maladi vaskilè grav ☐ Anemi falsifòm ☐ Epatit aktif nan nenpòt tip ☐ Transplantasyon pou twazyèm fwa	☐ Enkapasite pou konfòme li avèk rejim medikal konplèks (maladi sikyatrik, aktivman ki pa respekte plan tretman, mank nan sipò sosyal ki nesèsè) ☐ Ki pa respekte plan tretman, nan 12 mwa ki sot pase yo, nan ka kandida re-transplantasyon. ☐ Konplikasyon potansyèl nan medikaman iminosipresè ki pa akseptab pou pasyan an ☐ Sentòm mani aktif oswa sikotik ki ka afekte respè plan tretman. ☐ Pèt iremedyab nan asirans oswa fon ☐ Lojman enstab ☐ Enkapasite pou konprann pèsoneyman ak jere, oswa fè yon moun kap bay swen ede jere, tretman medikal (ki gen ladan enkapasite/envolonte pou pran medikaman, ale nan vizit swivi ak konplete tretman oswa etid jan yo preskri a) ☐ Aktif nan abi sibstans (ki ta ka gen ladan medikaman sou preskripsyon, dwòg ilisit, alkòl) ☐ Aktif nan ide swisidè, plan, ak entansyon
---	---

KONTRENDIKASYON RELATIF (YO):

☐ Komòbidite medikal miltip ☐ Enkapasite pou retounen nan sant transplantasyon ☐ Bilan enkonplè ☐ BMI>40 sòf si: ☐ Laj < 65 ☐ Apwouve pa chirijyen ☐ Estati fonksyonèl elve ☐ Pa gen CAD/PVD ☐ Respè plan rejim alimantè ak rekòmandasyon nitrisyonèl ☐ Pwa ki estab (+/- 5 liv) pa gen ladan chanjman likid ☐ BMI mwens pase 18 ☐ Avèk prèv frajilite ☐ Maladi Vaskilè Periferik ☐ Maladi Ipèkowagilab ☐ Loupus sistemik eritematik (Systemic Lupus Erythematous, SLE) ☐ Ki estab >6 mwa ☐ Mande <7.5mg prednizòn (prednisone) chak jou ☐ Mande <1000mg nan MMF total chak jou ☐ Pa gen Okenn Manifestasyon Aktif Andeyò-Ren	☐ Enfeksyon VIH sòf si: ☐ Li estab sou medikaman anti-retroviral ☐ Gen chaj viral minim oswa ki pa detektab ☐ Pa gen okenn kondisyon opòtinis ☐ Gen yon to CD4 >200 ☐ Siwoz ☐ Fimen ak maladi ki asosye ☐ Maliyite- (gade apendis A) ☐ Demans (dyagnostik fòmèl pa yon sikyat, newològ oswa jeryatrisyen) ☐ Sipò swen limite ☐ Echèk nan alogrèf anvan akòz non-respè plan tretman ☐ Kondisyon newolojik enpòtan ☐ Pwoblèm enpòtan ki gen rapò ak respè plan tretman medikal aktyèl/anvan ☐ Santi gen difikilte nan patenarya ak ekip la ☐ Twoub pèsoneyalite: Gwoup A (sa vle di Paranoyik, Eskizotipik); Gwoup B (sa vle di Antisosyal, Borderline, Nasisistik)
---	---